

ABSTRAK

Ulikan, dijudulan Mangpaat instruksional média vidéo animasi jeung pangaruhna kana hasil diajar siswa dina pangajaran Akuntansi matéri laporan Laba Rugi di SMA Pasundan 8 Bandung (siswa kelas XI MIPA 2 sareng XI MIPA 3 Taun Ajaran 2017-2018), kasang tukang masalahna, nyaéta hasil pembelajaran siswa anu teu acan ngahontal KKM (kriteria ketuntasan Minimal) nu geua ditetepkeun, hal ieu lantaran masih aya guru anu ngagunakeun média pembelajaran konvensional bari tara digabungkeun jeung media séjénna dina mangsa proses pembelajaran.

Ulikan ieu ngagunakeun métode kuasi-ékspérimen sareng ngagunakeun teknik uji n-gain sarta uji t nu diwangun ti dua kelas, nyaéta kelas kontrol sarta kelas ékspérimén. Hasilna katingali aya paningkatan dina nilai siswa kelas ékspérimén tina nilai rata-rata 38,13 jadi 82,50. Ieu alatan pangajaran akuntansi materi laporan keuangan laba rugi ngagunakeun média pangajaran vidéo animasi nu ngaronjatkeun hasil pembelajaran murid.

Kacindekan tina ulikan ieu pamakéan média pangajaran vidéo animasi bisa ngaronjatkeun hasil pembelajaran murid dina mata pelajaran akuntansi matéri laporan keuangan laba rugi dina kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 8 Bandung. Kukituna panalungtik masihan saran pikeun:

- a. Guru, pamakéan média pangajaran video animasi bisa dijadikeun alternatip pilihan média pangajaran nu bisa dilarapkeun dina mangsa prosés pangajaran Akuntansi.*
- b. Panalungtik, panalungtikan ieu tiasa dijadikeun referensi jang panalungtik saterusna, nu dipiharep jadi pamacu jang panalungtik lain pikeun ngembangkeun media pangajaran pideo animasi ieu.*

Kata Kunci : Média Vidéo Animasi, Hasil Diajar Siswa